# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जन्मदिवस के मौका पर बिहने से महात्मा गांधी के जयंती दुइ अक्टूबर ले प्रदेसव्यापी स्वच्छता पखवाड़ा आयोजित कइल जाई। एके ले के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि स्वच्छता पखवाड़ा क अभियान पुरहर जनसहभागिते से सफल होई, येही नाते एहमें सामूहक कोसिस होखे के चाही। उहां के ग्रामीण अउर सहरी इलाकन में बड़हन पैमाना पर स्वच्छता अउर फॉगिंग क कार करे क निरदेस दिहले हईं। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जन्मदिवस के मौका पर बिहने गोरखपुर में एगो चित्र परदरसनी क आयोजन कइल जाई। महात्मा गांधी इण्टर कॉलेज में लागे वाले येह परदरसनी क उद्घाटन प्रदेस सरकार क कैबिनेट मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह करिहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु त्रिपुरा राज्य के पच्छिमी क्षेत्र में सिद्धेश्वरी मंदिर क उद्घाटन अउर प्राण प्रतिस्ठा कार्यक्रम में त्रिपुरा क मुख्यमंत्री डॉक्टर माणिक साहा के साथे सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि डबल इंजन क भाजपा सरकार विकास अउर बिरासति के अभियान के लगतारे आगे बढ़वले हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि अजोध्या धाम में प्रभु राम के मंदिर क निरमाण हो चाहे फेर त्रिपुरा में मां त्रिपुर सुन्दरी के मंदिर क सुन्दरीकरण अउर पुनरूद्धार क कार एकर उदाहरण हवे।

**********

प्रदेस क कारागार मंत्री दारा सिंह चौहान काल्हि कुशीनगर में जेलि बदे अधिग्रहित जगहि क निरीक्षण कइलें। बाद में उहां के पत्रकार लोगिन से कहलीं कि देउरिया जेलि बन्दियन के ढेरि भार से जूझि रहल हवे। कुशीनगर में जिला जेलि बनि गइले से देउरिया जेलि क ई समेस्या खतम हो जाई। कारागार मंत्री बतवलें कि कुशीनगर जेलि क क्षमता एक हजार छब्बीस के करीब होई। एके बनवले में पैंसठ एकड़ जमीनि अधिग्रहित कइल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि कार्यदायी संस्था एके सोरह महिन्ना में पुरहर तरीका से तइयार करी।

**********

पर्यावरण संरक्षण के बढ़ावा देवे बदे बनारस नगर निगम कंचनपुर अउर सारंग तलाब के लग्गे उपवन योजना क सुभारम्भ करी। येह जगहिनि पर एक एकड़ भूमि में मियांवाकी तकनीक से पौधा लगावल जाई जबकि अउरियो जगहिनि पर ओपेन जिम अउर व्यायाम स्थल बनावल जाई। नगर आयुक्त अक्षत वर्मा बतवलें कि उपवन योजना में लमहर उमिरि वाला पौधा लगावल जइहें।

**********

बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस बदे मोटहन अनाज क खरीदि पहिली अक्टूबर से सुरू हो के एकतीस दिसम्बर ले चली। मोटहन अनाज में सामिल मकई, बजड़ा अउर ज्वारि क खरीदि बदे किसानन क पंजीकरण अउर नवीनीकरण चलि रहल हौ। येह बारे में किसान अपने कउनहूं समेस्या खातिर टोल फ्री नम्बर– एक आठ सुन्न सुन्न– एक आठ सुन्न सुन्न– एक पांच सुन्न पर फोन कइ के मददि ले सके लें। मोटहन अनाज के बढ़ावा देवे खातिर सरकार मकई क न्यूनतम समर्थन मूल्य दुइ हजार दुइ सौ पचीस रूपिया प्रति कुन्तल, बजड़ा क दुइ हजार छौ सौ पचीस रूपिया प्रति कुंतल अउर हाईब्रिड ज्वारि क तीनि हजार तीनि सौ एकहत्तर अउर मालवांडी ज्वारि क तीनि हजार चारि सौ एक्कइस रूपिया प्रति कुंतल तय कइले हवे।

**********

इस्लाम धर्म क पैगम्बर मोहम्मद साहब क जनमदिन आजु ईद मिलादुन्नबी के रूप में मनावल जा रहल हवे। येह मौका पर पूरा प्रदेस में मुस्लिम समाज के लोगिन के ओरि से जुलूस–ए–मोहम्मदी निकारल जा रहल हवे। जगहि–जगहि पर जुलूस क स्वागत कइल जा रहल हौ। गोरखपुर के ले के पूरबी उत्तर प्रदेस के सज्जो जिलनों में आजु ईद मिलादुन्नबी के ले के मुस्लिम आबादी वाले इलाकन में खास उछाह देखल जा रहल हौ। येह तिउहार के ले के मस्जिदन के झालरि से सजावल गइल हौ। कई गो जिलन में जुलूस–ए–मोहम्मदी के ले के यातायात व्यवस्था में बदलाव कइल गइल हौ।

**********

राज्य के प्रमुख नदियन के उफान पर अइले, पहाड़न पर भइल बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते कई जिलन में बाढ़ि क हालति पैदा हो गइल हवे। लखीमपुर खीरी में करीब सज्जो नदी शारदा, घाघरा, सहेली, मोहाना के उफनइले से जिला क करीब आधा इलाका बाढ़ि से परभावित हो गइल हौ। बलिया में गंगा नदी खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हवे। बाराबंकी अउर अजोध्या में घाघरा नदी  खतरा के चीन्हा के पार कइ दिहले हउवे। ओहर, बनारसो में गंगा नदी क जलस्तर खतरा के चीन्हा के लग्गे पहुंचि गइल हौ। एके देखत प्रसासन नदी किनारे के इलाकन बदे हाई अलर्ट घोसित कइले हवे। दुसरका ओरि बनारस में वरूणा नदी के उल्टा बहाव के नाते बाढ़ि क पानी कई गो मोहल्ला में पहुंच गइल हौ। राप्ती नदी पूरबी उत्तर प्रदेस के कई गो जिलन में बढ़ोत्तरी पर हवे। सिद्धार्थनगर में राप्ती नदी के तेज बहाव के नाते भनवांपुर बलाक में तेजी से कटानि हो रहल हवे। येह बिच्चे, मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस के जिलनों में आजु संझा से ले के बिहने ले भारी बरखा अउर कहीं–कहीं बिजुली गिरले क आगम जतवले हवे।

**********

सम्भल जिला के रजपुरा थान्हा इलाका के भोपतपुर गांव में आजु भिन्नहीं सड़कि किनारे बइठल ग्रामीण तेज रफ्तार पिक अप वाहन के चपेटा में आ गइलें। येह दुरघटना में पांच जने क मउति हो गइल हौ आ चारि जने घाही हो गइलें। घाही लोगिन के सीएचसी रजपुरा में भरती करावल गइल जहवां से उन्हें अलीगढ़ बदे रेफर कइ दिहल गइल हौ।

**********